

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI****Madi** 23 Janvyè 2018 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Pandan peryòd kolonyal la nan Amerik di Nò Britanik la, pi gwo baryè jewografik nan ekspansyon lwès la te

- (1) Rivyè Ohio
- (2) Gran Plèn yo
- (3) Mòn Wòch
- (4) Montay Apalach yo

2 An 1803 Etazini achte Teritwa Louisiana a, yon teritwa ki te jewografikman enpòtan paske li

- (1) te vle sèl pwopriyetè teritwa Gran Lak yo
- (2) te mete yon bout sou kontwòl espanyòl yo te genyen nan Sidwès la
- (3) bay aksè konplè sou Rivyè Misisipi a
- (4) t ap pèmèt yo fini ak premye ray tren nan California

3 Kontra Mayflower (1620) ak House of Burgesses nan Virginia (1619) se kòmansman egzanp

- (1) restriksyon sou libète relijyon
- (2) etap pou vini ak reprezantan gouvènman an
- (3) rezistans kont rèy britanik yo
- (4) sistèm ekonomik nan koloni yo

4 Lè yotapekri dokiman Deklarasyon Endepandans la, Thomas Jefferson te pi dirèkteman enfliyans pa teyori kontra sosyal

- (1) Benjamin Franklin
- (2) James Madison
- (3) John Locke
- (4) Baron de Montesquieu

5 Youn nan fason kote Deklarasyon Endepandans lan (1776) ak Konstitisyon orijinal peyi Etazini (1789) an sanble se paske toulede dokiman yo

- (1) genyen ladan yo deklarasyon dwa
- (2) ki garanti dwa pou tout moun vote
- (3) gen lis plent kont monachi Britanik la
- (4) endike ke gouvènman an resevwa pouvwa li nan men pèp la

6 Youn nan fason Konstitisyon orijinal Etazini an te adrese kesyon reprezantasyon kongrè a se te

- (1) pa konte fi kòm yo kòm yon pati nan popilasyon yon eta pou reprezantasyon
- (2) konte twa-senkyèm nan popilasyon kòm esklav lè y ap detèmine reprezantasyon an
- (3) etabli yon manda katran pou tout manm Kongrè a
- (4) bay chak eta menm kantite reprezantan nan Chanm nan

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7.

Pa ki mwayen [metòd], lè sa a, nou dwe pase finalman, pou kenbe ann aplikasyon separasyon ki nesesè ant pouvwa nan mitan plizyè depatman yo, jan Konstitisyon an prevwa sa? Repons lan sèlman ki ka bay se, ke kòm tout dispozisyon sa yo eksteryè yo jwenn yo dwe apwopriye, yo dwe domaj la dwe apwovizyone, pa konsa kontrent estrikti enteryè a nan gouvènman an kòm ke plizyè pati konstitiyan li yo ka, pa relasyon mityèl yo, vle di nan kenbe youn ak lòt nan kote ki apwopriye yo. . . .

— *The Federalist No. 51*, 1788

7 Ki prensip Konstitisyon peyi Etazini an ki dirèkteman dekri nan pasaj sa a?

- (1) Dwa Eta yo
- (2) sistèm pouvwa ekilibre
- (3) kloz elastik la
- (4) pouvwa konkouran

8 Pifò nan amannman yo nan Konstitisyon peyi Etazini an te fè fas ak

- (1) ekspansyon pouvwa yo nan prezidans lan
- (2) mete restriksyon sou imigrasyon
- (3) ranfòsman otorite gouvènman leta yo
- (4) garanti dwa sivil ak politik

9 Ki deklarasyon ki se yon reyalite olye de yon opinyon?

- (1) Pouvw a revizyon jidisyè a te etabli pa yon desizyon Lakou Siprèm.
- (2) Jij Lakou Siprèm yo ta dwe gen yon laj obligatwa pou pran retrèt.
- (3) Lakou Siprèm nan reyalize pi gran reyalizasyon li yo anba lidèchip John Marshall, Jij Prensipal la.
- (4) Desizyon Lakou Siprèm nan te pran nan dosye *Roe* kont *Wade* la se desizyon ki gen plis kontwovès ladan li.

10 Yon egzanp konstitisyon ki pa fin ekri se

- (1) pwosesis akizasyon an
- (2) lejislati de chanm yo
- (3) pouvw veto prezidan an
- (4) fòmasyon pati politik yo

11 Alexander Hamilton kwè ke kreyasyon Bank peyi Etazini an ta ede ekonomi peyi a

- (1) lè l prete monopòl la lajan
- (2) lè l entèdi investisman etranje nan biznis Etazini yo
- (3) lè l diminye tarif yo sou enpòtasyon etranje yo
- (4) lè l mete sou pye yon lajan ki estab

12 Yon objektif prensipal nan Doktrin Monroe (1823) a se te pou

- (1) ankouraje imigrasyon nan nasyon Amerik Latin yo
- (2) ranfòse angajman nasyonal la nan Destine Manifès
- (3) anpeche plis kolonizasyon ewopeyen nan Emisfè Lwès la
- (4) amelyore opòtinite komès ak nasyon Azyatik yo

13 Ki evènman ki pi dirèkteman kontribye nan kwasans vil New York kòm sant komèsyal nasyon an?

- (1) itilizasyon bato ki mache ak vapè nan Rivyè Misisipi a
- (2) ouvèti kanal Erie a
- (3) konstriksyon Wout Nasyonal la
- (4) pasaj nan Lwa Pasifik Railway la

14 Ki deklarasyon ki te gen Deklarasyon Santiman ke Seneca Falls te ekri an 1848 ladan l?

- (1) “. . . Nou kenbe verite sa yo kòm verite ki klè: tout gason ak fi te kreye egalego, . . .”
- (2) “. . . Mwen pa konnen ki wout lòt moun ka pran; Men, pou mwen, ban m libète m oswa ban m lanmò!”
- (3) “Sa fè kat san sèt ane depi yo te bwote zansèt nou yo vin sou kontinan sa a, yon nouvo peyi ki fèt nan libète, e ki pran pwopozisyon sa a: tout moun kreye egal-ego. . . .”
- (4) “. . . Mwen gen yon rèv ke kat timoun piti mwen yo ap viv yon jou nan yon nasyon kote yo pa pral jije sou baz koulè po yo, men sou baz karaktè yo. . . .”

15 Ki youn nan rezilta desizyon Lakou Siprèm nan nan dosye *Dred Scott* kont *Sanford* (1857)?

- (1) Tansyon seksyonèl la ogmante.
- (2) Komès esklav la te aboli.
- (3) Eta Nò yo te plis vle konpwomi.
- (4) Imedyatman eta Sid yo sòti nan sendika.

16 Ki sitiyaasyon ki te yon rezilta dirèk nan Gè Sivil la?

- (1) aparisyon peyi Etazini kòm yon pouvw mondyal
- (2) kwasans rapid endistri ki nan Nò yo
- (3) eliminasyon tout lwa Jim Crow yo
- (4) fen sistèm meteyaj

17 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. _____
- A. Tarif pwoteksyonis
 - B. Sibvansyon Vwa Fere
 - C. Sèvi ak twoup yo nan fen grèv yo

- (1) Nouvo Sid la
- (2) Sipò Gouvènman an pou Gwo Biznis
- (3) Teknoloji nan Revolisyon Endistriyèl la
- (4) Sèvi ak Negosyasyon Kolektif

18 Nan fen lane 1800 yo, gwo endistriyalis yo te fòme fidisi yo kòm yon fason pou

- (1) sekirite prè gouvènman yo
- (2) negosye yon fason ki pi efikas avèk sendika yo
- (3) enfliyansè lejislètè yo pou diminye taks yo
- (4) limite konpetisyon

19 Youn nan fason “nouvo imigran” nan fen ane 1800 yo te diferan de “ansyen imigran” nan kòmansman ane 1800 yo se paske “nouvo imigran yo”

- (1) jeneralman yo te pi byen edike
- (2) etabli sou fèm Midwès yo
- (3) te soti nan pati sid ak lès Ewòp
- (4) adopte kilti ameriken an pi vit

20 Nan fen 19yèm syèk la, manm sendika yo jeneralman kwè ke imigran yo ta ka

- (1) travayè k ap ede nan reyalize salè pi wo
- (2) bay konpetans nesèsè pou fòs travay la
- (3) kreye yon menas nan sekirite travay yo
- (4) refize vin sitwayen ameriken

21 Ki aksyon gouvènman federal la te pran refòmètè Pwogresis yo ta dwe ka pi fasil sipòte?

- (1) reglemante pratik biznis pou pwoteje konsomatè yo ak travayè yo
- (2) mete fen nan règleman federal nan sistèm bankè a
- (3) pase gwo tarif pou pwoteje endistri domestik soti nan konpetisyon etranje yo
- (4) otorize rediksyon taks pou gwo sosyete yo

22 Ki rezon prensipal ki fè ameriken nwa yo te imigre nan vil Nò yo pandan ak apre Premye Gè Mondyal la?

- (1) Yon sipli nan koton te lakoz yo sezi fèm toupatou nan Sid la.
- (2) Diskriminasyon te elimine nan Nò a.
- (3) Opòtinite politik te elaji nan Sid la.
- (4) Travay endistriyèl yo te disponib nan Nò a.

23 Ki sa ki te objektif Epòk refòm Pwogresis la tankou rapèl, referandòm, ak primè dirèk la?

- (1) sipòte kandida tyès pati yo
- (2) ogmante kontwòl sitwayen yo nan gouvènman yo
- (3) etabli tèm limit manm Kongrè yo
- (4) diminye depans kanpay yo

24 Youn nan objektif prensipal Pwen Katòz Prezidan Woodrow Wilson te ekri a (1918) se te rive

- (1) kolekte reparasyon lagè pou peyi Etazini
- (2) kenbe siperyorite naval peyi Etazini
- (3) pini nasyon yo ki te kòmanse Premye Gè Mondyal la
- (4) kreye yon Lig Nasyon pou anpeche lagè alavni

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

. . . Li te enposib nan yon ti espas konsa pou m te egzamine tout menas revolisyon entèn nan peyi sa a jan mwen konnen li an, men sa ka sèvi pou mete sitwayen ameriken an devan reyalite li, danje li, ak gwo nesosite pou li ini efò li pou elimine menas ki anba pye li, si yo bezwen sa. Sa ki te fèt. Depatman Jistis pral pousoiv atak “Reds” sa yo sou gouvènman Etazini ak vijilans, epi pa gen okenn etranje, k ap defann ranvèsman lalwa ki ak lòd ki deja egziste nan peyi sa a, pa dwe chape anba arestasyon ak depòtasyon rapid. . . .

— Attorney General A. Mitchell Palmer,
“The Case Against the ‘Reds,’” 1920

25 Selon pasaj sa a, nan ane 1920, Pwokirè Jeneral Etazini t ap defann depòtasyon


- (1) kominis ak imigran anarchist yo
- (2) moun ki evite tonbe nan plan Premye Gè Mondyal la
- (3) sitwayen ki kritike gouvènman an
- (4) travayè lagè nan Amerik Latin nan

26 Swadizan danje yo te refere nan pasaj sa a te kontribye nan

- (1) eliminasyon sèvis militè a
- (2) ratifikasyon Trete Vèsay la
- (3) chanjman politik imigrasyon peyi Etazini
- (4) echèk nan Federasyon Travayè Ameriken yo

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.

Sifraj Fi Anvan 1920



Sous: Sandra Opdycke, *The Routledge Historical Atlas of Women in America*, Routledge (adapte)

27 Ki deklarasyon ki egzat sou enfòmasyon ki nan kat la?

- (1) Anvan 1920, anpil eta te bay fi yo kèk privilèj pou vote.
- (2) Anvan 1920, eta nan sid yo te bay fi yo dwa total pou vote.
- (3) Lwès eta yo te anreta dèyè lòt eta yo nan akòde fi yo dwa pou yo vote.
- (4) Fi Ameriken pa t ap chache sifraj jouk 1920.

28 Pandan ane 1920 yo, pwosè Scopes la ak batay sou Entèdksyon an te montre konfli ant

- (1) moun rich ak moun pòv yo
- (2) valè tradisyonèl ak modènism
- (3) pwopriyetè biznis ak sendika travayè yo
- (4) gouvènman nasyonan la ak gouvènman eta yo

29 Ki kondisyon ekonomik ane 1920 yo se te yon gwo kòz nan Gran Depresyon an?

- (1) Pri jaden yo leve dramatikman.
- (2) Endistri yo pwodui plis pase machandiz konsomatè yo bezwen.
- (3) Bank yo te ezite prete lajan.
- (4) Demann yo ogmante pi vit pase ekipman.

30 Dokiman Nouvo Pak Prezidan Franklin D. Roosevelt la te reflete kwayans li kòm kwatwa pandan yon depresyon gouvènman federal la ta dwe

- (1) pran posesyon sosyete ki anfayit yo
- (2) retounen nan prensip lesefè kapitalistik yo
- (3) pran yon wòl lidèchip nan rekiperasyon ekonomik la
- (4) ede kiltivatè yo olye de travayè endistriyèl yo

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 la.



Sous: Library of Congress

31 Kondisyon yo montre nan foto 1936 sa a te lakòz sitou pa

- (1) peryòd inondasyon toupatou yo
- (2) debwazman ak sipatiraj
- (3) rechofman atmosfè
- (4) sechrès ak teknik agrikilti pòv yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

. . . Gen anpil entèvansyonis sa yo ann Amerik, men gen plis moun nan mitan nou nan yon kalite diferan. Se poutèt sa ou menm avè m reyini isit la aswè a. Gen yon politik ki louvri nan nasyon sa a ki pral mennen nan siksè—yon politik ki kite nou lib pou suiv pwòp fason nou vle viv epi devlope pwòp sivilizasyon nou. Sa pa yon lide nouvo yo poko teste. Li te defann pa Washington. Li te enkòpore nan Doktrin Monroe a. . . .

— Charles Lindbergh, April 23, 1941

32 Nan pasaj 1941 sa a, Charles Lindbergh sipòte lide ke Etazini ta dwe

- (1) retire tèt li nan lagè
- (2) diminye depans militè li yo
- (3) angaje l nan defans Azi de Lès
- (4) antre nan lagè a pou kanpe ak nasyon demokratik yo

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.



Sous: Library of Congress

33 Premye objektif afich Dezyèm Gè Mondyal la te pou konvenk piblik ameriken an

- (1) enskri nan sèvis la
- (2) bay sipò finansye pou lagè a
- (3) sipòte entènman ameriken italyen yo
- (4) defèt kongrè ki te vote pou yo ale nan lagè

34 Nan ki fason wòl tradisyonèl anpil fi chanje pandan Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Yo te genyen wòl lidèchip nan Kongrè a.
- (2) Yo aksepte gwo pozisyon jesyon nan endistri lagè.
- (3) Yo te asiyen pou konbat pozisyon nan fòs ame yo.
- (4) Yo te aksepte travay pou sipòte efò lagè a.

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 35.

“MWEN PANSE NOU RIVE NAN RHEIN PRENSIPAL POU NOU PRAN PASAJE YO!”



Sous: Jake Schuffert, *The Task Force Times*, 1949 (adapte)

35 Ki aksyon Inyon Sovyetik te mennen nan sitiyaasyon ki parèt nan desen sa a?

- (1) blokaj Bèlen
- (2) kreyasyon Pak Vasovi
- (3) reyiniifikasyon Almay
- (4) konstriksyon Miray Bèlen

36 Youn nan objektif desizyon Lakou Siprèm nan dosye *Brown* kont *Komite Edikasyon Topeka* (1954) ak *Lwa sou Dwa Sivil* nan 1964 se te pou

- (1) elimine diskriminasyon nan lojman
- (2) aplike pwogram fòmasyon djòb
- (3) ogmante dwa egal pou ameriken nwa yo
- (4) mete fen nan baryè pou vote ameriken nwa yo fè fas a

37 Ki de pwoblèm ki te mennen nan manifestasyon ak revòlt nan anpil vil ameriken pandan ane 1960 yo?

- (1) espas eksplorasyon ak polisyon nan anvivònman an
- (2) lagè Vyetnam ak enjistis rasyal
- (3) swen sante san mank ak liberasyon fi
- (4) ratman gazolin ak imigrasyon ilegal

Sèvi ak desen ki anba la ak konnenans ou nan etid sosyal pou reponn kesyon 38 ak 39.

“KONBYEN OU PANSE SA AP KOUTE?”



Sous: Herblock, *Washington Post*, September 12, 1950 (adapte)

38 Kisa ide prensipal desen sa a ye?

- (1) Gwoup enterè espesyal souvan enfliyanse eleksyon yo.
- (2) Lobiyis yo gen yon enfliyan limite sou kandida yo.
- (3) Restriksyon kanpay yo jenen kandida k ap chèche reeleksyon yo.
- (4) Lwa federal yo te entèdi enterè prive soti nan espresyon Kongrè a.

39 Apre eskandal Watergate la nan lane 1970 yo, Kongrè a te fè yon efò pou fè fas ak pwoblèm yo montre nan desen sa a

- (1) lè li entèdi moun rich yo nan finansman pwòp kanpay yo
- (2) lè li mande pou tout eleksyon yo finanse pa gouvènman federal la
- (3) lè li limite don pou kanpay pa moun ak komite aksyon politik yo
- (4) lè li mande pou tout kandida yo depanse menm kantite lajan an sou kanpay yo

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.

“TANPRI FÈ YON TI DEPLASE, JÈN JAN”



Sous: Herbblock, *Washington Post*, January 26, 1965 (adapte)

40 Ki deklarasyon konsènan prezidans Lyndon B. Johnson ki pi byen sipòte enfòmasyon sa a nan desen sa a?

- (1) Pwogram domestik yo te priyorite prensipal nan bidjè anvan yo.
- (2) Pwogram domestik yo te elimine pandan ane 1960 yo.
- (3) Depans militè te afekte pwogram domestik yo negativman.
- (4) Depans militè yo te konplètman elimine pou finanse pwogram domestik yo.

41 Ekspresyon *brinkmanship*, *koegzistans pasifik*, ak *detant* pi asosye avèk

- (1) diskisyon fwontyè detanzan ant Kanada ak Etazini yo
- (2) pwoblèm Etazini te genyen ak Almay anvan reyinifikasyon yo a
- (3) teknik teroris yo itilize pou entimide sitwayen ameriken yo
- (4) Relasyon Gèfwad ant Etazini ak Inyon Sovyetik

42 Lakou Siprèm ki te tranche nan dosyein *Etazini* kont *Nixon* (1974) te konfime prensip ke prezidan an

- (1) pa pi wo pase lalwa
- (2) ka gen plis pouvwa pandan ijans nasyonal yo
- (3) dwe aksepte limit pouvwa veto li a
- (4) ka lib pou li ranvwaye manm nan kabinè l yo

43 Ki devlopman ki soti nan kreyasyon Akò Nò Ameriken Lib Echanj (NAFTA) ak Òganizasyon Komès Mondyal (WTO) nan ane 1990 yo?

- (1) ogmantasyon manm nan sendika travay nan peyi Etazini yo
- (2) pi gwo entèdepandans ekonomik mondyal
- (3) mwens endistri kite peyi Etazini
- (4) plis tarif pwoteksyon ant manm nasyon yo

44 Ki aksyon etranjè peyi Etazini ki pi byen montre konsèp kontni an?

- (1) adopte doktrin Truman nan an 1947
- (2) ratifye Trete Tès Nikleyè a an 1963
- (3) retounen kontwòl Kanal Panama bay peyi Panama an 1978
- (4) akòde rekonesans diplomatik pèp Repiblik Lachin nan nan lane 1979

Baze repons ou pou kesyon 45 lan sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.



Sous: Mike Keefe, *The Denver Post*, November 8, 2003

45 Ki deklarasyon ki ekspri pwendvi desinatè komik sa a avèk plis presizyon?

- (1) Lidè Mwayen Oryan yo favorize izolasyonism sou koperasyon entènasyonal.
- (2) Lidè Mwayen Oryan yo pito reprezantan gouvènman nan plas diktati militè a.
- (3) Moun ki nan Mwayen Oryan yo byen prepare pou règ demokratik yo.
- (4) Vèsyon gouvènman ameriken an pap mache fasil nan Mwayen Oryan.

46 Ki pwoblèm konstitisyonèl prezidan Abraham Lincoln te teste pa mwayen sispansyon habeas corpus la ak Lakou Siprèm nan nan dosye *Korematsu* kont *Etazini* (1944)?

- (1) limit libète sivil pandan peryòd lagè
- (2) sipremasi lwa federal sou lwa eta yo
- (3) itilizasyon tribinal militè yo pandan peryòd lagè
- (4) limit sou manifestasyon kont lagè

47 Anvan yo antre nan Premye Gè Mondyal la ak anvan antre nan Dezyèm Gè Mondyal la, Etazini te adopte règleman etranje ki t ap

- (1) sispann gaye agresyon ewopeyen an
- (2) sipòte efò lapè nan òganizasyon entènasyonal yo
- (3) favorize nasyon demokratik yo alòske yo te ofisyèlman net
- (4) ankouraje lagè lè yo siyen trete sekirite kolektif yo

48 "... Yo rele l'yon 'negosyasyon pou lapè.' Ensanse! Èske se yonegosyasyon pou lapè si yon gang k ap brave lalwa antoure kominote ou ak sou menas nan ekstèminasyon fè ou peye lajan taks pou konsève lavi pa w? ..."

— President Franklin D. Roosevelt, Fireside Chat, December 29, 1940

Nan sitasyon sa a, yo te sèvi ak ekspresyon "gang k ap brave lalwa" pou pale de

- (1) rebèl Maoist nan Lachin yo
- (2) diktatè fachis ann Ewòp yo
- (3) revolisyonè kominis nan Polòy yo
- (4) anvayisè nò koreyen ki nan Kore di Sid yo

49 Yo pi byen konnen Samuel Gompers, John L. Lewis, ak Cesar Chavez pou efò yo pou

- (1) kreye yon sistèm swen sante inivèsèl
- (2) asire pwofi mèt jaden yo
- (3) elaji dwa travayè yo
- (4) ankouraje devlopman gwo biznis yo

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 lan.

Rezilta Eleksyon Final yo

Eleksyon 1876	Vòt Popilè		Vòt Kolèj Elektoral
	Total	Pousantaj	
Hayes*	4,033,497	47.95	185
Tilden	4,288,191	50.98	184
Cooper	78,501	0.90	—
Eleksyon 1888	Vòt Popilè		Vòt Kolèj Elektoral
	Total	Pousantaj	
Harrison*	5,449,825	47.82	233
Cleveland	5,539,118	48.61	168
Fisk	249,492	2.19	—
Streeter	146,602	1.29	—
Eleksyon 2000	Vòt Popilè		Vòt Kolèj Elektoral
	Total	Pousantaj	
George W. Bush*	50,456,062	47.89	271
Albert Gore	50,996,582	48.40	266
Ralph Nader	2,858,843	2.71	—

*Ranpòte Eleksyon Kolèj Elektoral

Sous: 1876 and 1888, *Presidential Elections, 1789–2000*, CQ Press, 2002;
2000, "Historical Election Results," U.S. Electoral College, National Archives (adapte)

50 Ki konklizyon ki pi byen eksplike rezilta eleksyon yo jwenn sou tablo sa a?

- (1) Yon kandida kapab genyen vòt popilè e li pèdi eleksyon an.
- (2) Kandida ki genyen vòt popilè a genyen prezidans lan.
- (3) Chanm Reprezantan yo te chwazi gayan an nan chak eleksyon sa yo.
- (4) Lakou Siprèm nan detèmine rezilta chak eleksyon sa yo.

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”**
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonnman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

PATI II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Aksyon Gouvènman Ameriken

Nan divès fwa nan istwa peyi Etazini, aksyon federal gouvènman an te gen efè sou entansyon orijinal yo. Efè sa yo te ni pozitif ni negatif.

Sa pou fè:

Idantifye **de (2)** aksyon federal gouvènman an pran pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz aksyon an
- Diskite sou efè **pozitif ak/oswa** efè **negatif** aksyon an

Ou ka itilize nenpòt aksyon gouvènman federal la pran nan etid ou fè nan istwa peyi Etazini. Pami kèk sijesyon ou ta ka konsidere yo gen ladan yo pasaj nan taks endirèk wiski (1791), acha Teritwa Louisiana (1803), pasaj nan Lwa sou Deplasman Endyen yo (1830), pasaj nan Lwa Kansas-Nebraska (1854), adopsyon 14yèm Amannman (1868), ratifikasyon Amannman Pwoyibisyon an (1919), pasaj nan Lwa Sekirite Sosyal (1935), jete bonm atomik sou Hiroshima ak Nagasaki (1945), envazyon Kiba nan Bèdèkochon (1961), ak entèvasyon nan Sid Vyetnam (1965–1975).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Paj sa a rete vid toutespre.

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Etazini te agrandi teritwa li sou kontinan Nò Ameriken an nan ane 1840 yo, epi li te elaji tèritwa aletranje li yo ant 1890 ak 1917. Peryòd ekspansyon sa yo te gen efè pozitif ak negatif Etazini ak sou lòt pèp.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B sou ekspansyon teritoryal.

Pou ekspansyon teritoryal nan ane 1840 yo **ak** pou ekspansyon teritoryal ant 1890 ak 1917

- Dekri sikonstans istorik ki antoure **chak** peryòd ekspansyon
- Diskite sou efè pozitif **ak/oswa** efè negatif **chak** peryòd ekspansyon peyi Etazini

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonnman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . Malgre peyi Etazini pa manke tè ki pa okipe, ekspansyonis [nan 1840 yo] te fè konnen ke repiblik la dwe kontinye grandi yo pou yo siviv. Nan lide pou yo suiv filozofi politik Thomas Jefferson yo, yo te wè yon gwo kantite tè kòm pilye yon repiblik ki pwospè epi yo pran avangad kont konsantrasyon nan pouvwa politik ak ekonomik la. Ibanizasyon ak yon mouvman k ap monte nan imigran ki soti nan Almay ak Ilann yo te twouble yo, se sa ki fè ekspansyonis yo te wè Destine Manifès kòm yon mwayen pou jwenn yon nouvo konsesyon alontèm selon ideyoloji Jefferson nan. Olye pou sa ta febli repiblik la, yo te kwè, kwasans teritoryal la t ap ranfòse li paske sa t ap bay jenerasyon k ap vini yo yon opòtinite ekonomik san limit.

Ekspansyonis yo te motive tou pa konsiderasyon imedya e pratik. Moun nan Sid ki t ap enkyete yo pou elaji anpi esklav yo a te pami moun ki te plis ap defann kwazad la pou yo ka gen plis teritwa. Nouvo eta esklavajis yo t ap amelyore pouvwa politik Sid la nan Washington, epi, sa ki enpòtan tou, sèvi kòm yon debouche pou popilasyon esklavajis k ap grandi li yo. Pou enterè komèsyal ameriken, ekspansyon an t ap ofri yon pi gwo aksè nan mache etranje likratif yo. Responsab politik nan Washington yo, nan lide pou fè konpetisyon ak Grann Bretay pou komès Azi a, te konvenki depi lontan de avantaj estratejik ak komèsyal nan San Francisco ak lòt pò sou litoral Pasifik California an ki anba posesyon meksiken yo. Gwo panik tèt chaje ki te Pase an 1837 la, ki te pote anpil sipli pwodwi ak de vye pri pou pwodwi agrikòl ameriken yo, te attire atansyon sou nesosite pou yo devlope lòt mache etranje. . . .

Sous: Sam W. Haynes, "Manifest Destiny," *U.S.–Mexican War, 1846–1848*, pbs.org

1 Dapre Sam W. Haynes, ki **de (2)** rezon ki te jistifye ekspansyon Etazini nan ane 1840 yo? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 2

. . . Defansè Destine Manifès yo te mete Oregon sou lis yo a. Sa ki t ap pase nan tèt ansyen eta nan nòdwès yo, tankou Michigan, Ohio, Indiana, ak Illinois, se te pare kò yo pou [an favè] akizisyon Oregon—petèt tout Oregon. Lidè politik nan Kongrè a ki soti nan eta sa yo te byen ensiste sou agrandisman Nòdwès Pasifik la. Yo menm ak lòt moun k ap reflechi te gen yon santi afinite ki fò [atraksyon] pou rejyon an, paske yo te konnen peyi Oregon an kòm yon tè ki fèt pou devlopman agrikilti nan peyi a ak pou pwochen mache pou lè gen sipli nan fèm eta nòdwès yo. Anpil patizan [sipòtè] kwazad Oregon te gen yon rayisman oswa ostilite komen kont Grann Bretay tou; yo te chèche opòtinite pou chache pwoblèm bay Britanik yo epi pou jwenn avantaj ekonomik sou yo. . . .

Sous: Harold Faber, *From Sea to Sea: The Growth of the United States*, Farrar, Straus and Giroux, 1967 (adapte)

2 Dapre Harold Faber, ki **youn nan** rezon enterè nan Teritwa Oregon? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Banbòch ekspansyonis yo pa te pase san yon konsekans serye. Pou de deseni anvan Lagè Meksik la, kochma [menas] konfli seksyonèl t ap ogmante de jou an jou nan peyi Etazini kòm Nò ak Sid t ap retire kò yo nan pwoblèm esklavaj lan; kounye a Trete Guadalupe Hidalgo a te mete pèp ameriken an fas a fas ak kesyon tèt chaje a. Ki sa yo ta dwe fè ak tè yo pran nan men peyi Meksik la? Èske yo ta dwe voye esklavaj la jete san rezèv, oswa Kongrè a ta dwe entèdi enstitisyon nan sid la? Eske yo ta dwe divize an eta esklavajis pou ranfòse fòs politik la k ap diminye nan Sid la, oswa transfòme eta lib yo pou ogmante sipremasi kongrè Nò a? Kat ane [1846–1850] deba anmè, kat ane nan dan di ak tanperaman eksplozif ki t ap mennen nasyon an nan lagè, kat yo te bezwen anvan kesyon sa yo te rezoud tanporèman. . . .


Sous: Ray Allen Billington, *Westward Expansion: A History of the American Frontier*, The Macmillan Company, 1960

3 Dapre Ray Allen Billington, ki ***youn nan*** efè Lagè Meksiken Ameriken an Ozetazini? [1]

Score

Dokiman 4

Ameriken nan Lwès, 1860–1890



Sous: Mary Beth Norton et al., *A People and a Nation*, Houghton Mifflin and Robert A. Divine et al., *America: Past and Present*, HarperCollins (adapte)

4 Sèvi ak kat sa a pou di ki **de (2)** efè ekspansyon lwès peyi Etazini? [2]


(1) _____

Score

(2) _____

Score

“YON LESON POU ANTI-EKSPANSYON.”
 “Montre ki jan Tonton Sam te yon ekspansyonis premye, dènye, ak tout tan tout tan an.”



E KOUNYE A,
 tout nasyon yo ap
 enkyete yo pou etabli
 relasyon amikal ak
 TONTON SAM.

~1899~
 ETAZINI te antre
 an posesyon koloni
 valab yo: KIBA,
 FILIPIN ak
 PÒTORIKO.

~1898~
 ETAZINI gen
 48 eta ak teritwa.
 Zòn nan an mil
 kare 3,601,270.
 Nan ane sa a,
 HAWAII te vin anekse.

~1861~
 SENDIKA gen
 34 eta. TEXAS
 te vin anekse
 an 1845.

~1819~
 SENDIKA
 gen 22 eta.
 Lespay
 te sède
 FLORIDA.

~1803~
 SENDIKA
 genyen 17 eta
 Lafrans te sède
 LOUISIANA.

~1783~
 SENDIKA te
 kòmanse ak
 13 eta. Zòn nan
 an mil kare:
 349,845.

Sous: Victor Gillam, *Judge*, 1899 (adapte)

Dokiman 5b

Yon bò dizneyèm syèk la ap apwoche nan bout li, gen lòt fòs pisan ki te finalman pouse Amerik la sou sèn mondyal la kòm yon gwo pisans mondyal. Izolasyonis lan te sèvi nasyon an byen pandan pifò nan ane fòmasyon li yo, paske sitwayen yo sonje avètisman deklarasyon depa Washington kont “alyans pèmanan” yo ak konsèy Jefferson kont “alyans entrike” an 1801. Men, nasyon an t ap ranpli epi kondisyon yo te chanje. An 1890—yon ane nou dwe sonje—Direktè resansman an te anonse li pa t ap posib pou gen yon liy fwontyè ankò, byenke te toujou gen gwo zòn ki poko devlope. Kounye a, enèji ki te konsantre nan rekonstriksyon yo te detounen nan Lwès la ak gwo sant endistriyèl yo nan Lès la. An 1898, Amerik ansanm ak depo bonbe l yo, te yon gwo pwodiktè nan asye ak lòt machandiz manifaktire ki t ap byen mache sou mache etranje yo. “Devlope oswa eksploze” se yon lwa fondamantal nan ekonomik fizik—e ameriken yo pa t ap chwazi eksplozyon an nan trankilite. . . .

Sous: Thomas A. Bailey, *Voices of America: The Nation's Story in Slogans, Sayings, and Songs*, The Free Press, 1976

5 Selon dokiman sa yo, endike **de (2)** rezon pou ekspansyon Etazini aletranje nan ane 1890 yo. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

. . . Gwoup Awayi a ki gen ladan l uit zile ki pa abite ak yon kèk zile dezole ki sitiye nan twopik yo nan yon distans soti apeprè de mil mil de San Francisco. An total [total sòm] zòn yo a prèske egal ak pa Massachusetts la. Agwokiltirèlman, yo pot ko te kòmanse devlope. Yo sitiye nan pati ki pi fètil nan mond lan, ak yon klima ki toutafè ideyal, epi yo kapab pwodwi tout sik ak kafe peyi sa a ka konsome, san pale de diri ak tout kalite fwi twopikal yo. Yo ta ka bay twa ekselan pò pou komès ak estasyon chabon, epi yo ta ka kontwole kominikasyon pa mwayen kab la nan Lwès [Pasifik] Oseyan an, san konte yo t ap ka ede nan bay veso ameriken yo wout pou transpòte komès yo. . . .

Sous: Arthur Curtiss James, "Advantages of Hawaiian Annexation," *The North American Review*, December 1897

6 Dapre Arthur Curtiss James, ki **youn nan** rezon pou anekse Hawaïi nan ane 1890 yo? [1]

Score

Dokiman 7

. . . Lè m [Prezidan McKinley] reyalize ke Filipin te tonbe nan pla men nou mwen pa t konnen ki sa pou m fè ak yo. Mwen te chache konsèy tout kote—Demokrat tankou Repibliken—èd mwen te resevwa yo te piti. Mwen te panse pou m pran sèlman Manila; Luzon an premye; apres, lòt zile yo tou petèt. Mwen te mache anndan Lamezon Blanch tout lannwit jouk minwi; epi mwen pa wont di nou, Mesye, ke mwen te mete jenou mwen atè epi lapriyè Bondye ki gen tout pouvwa a pandan plizyè nwit pou m jwenn limyè ak konsèy. Yon lè byen ta nan lannwit sa rive m konsa—mwen pa konnen ki jan sa rive, men li te vini: (1) Nou pa t ka kite yo tounen Espay—sa t ap yon lach epi yon dezonè; (2) e nou pa ka voye yo tounen bay Lafrans ak Almay—rival komèsyal nou yo nan Oryan an—ki ta ka yon move afè e diskrimab; (3) e nou pa t kapab kite yo pou kont yo—yo te enkapab pou dirije pwòp tèt yo—e talè konsa yo t ap tonbe nan anachi ak konfizyon pi mal pase sa k te pase Espay la; e (4) ke pa te gen anyen ankò pou nou fè, se pran yo tout, edike filipin yo, epi elve yo, sivilize yo epi aprann yo prensib kretyen yo, epi grasa Bondye, fè sa nou kapab pou yo, menm jan Kris la te mouri pou disip li yo. Lè sa a, mwen te ale nan kabann mwen, mwen al dòmi, epi mwen dòmi nètale, e nan denmen maten, mwen voye enjenyè an chèf nan Depatman lagè a (li ki konn trase kat jeyografik la), e mwen te di l mete Filipin sou kat jeyografik peyi Etazini (m lonje dwèt sou yon gwo kat jeyografik ki sou miray nan biwo li a), epi yo la, epi gen yo pral rete pandan tout tan mwen Prezidan! . . .

Sous: General James Rusling, "Interview with President William McKinley," November 21, 1899, published in *The Christian Advocate*, January 22, 1903

7 Dapre Prezidan William McKinley, ki **youn nan** rezon ki fè peyi Etazini ta dwe anekse ak peyi Filipin? [1]

Score

Dokiman 8

Sa ki anba la a se yon ekstrè soti nan entèvyou Brian Lamb ak diplomat Warren Zimmermann sou liv li a, *Premye Gwo Triyonf la: Fason senk ameriken te fè peyi yo a tounen yon pisans mondyal*. Zimmermann te eksplike poukisa peyi Etazini te voye twoup adisyonèl apre yo fin anekse peyi Filipin.

. . . **LAMB:** Poukisa 130,000 twoup?

ZIMMERMANN: Filipin la se plis pase 7,000 zile, kidonk ap gen anpil difikilte pou table lapè nan yon peyi ki nan dimansyon sa. Yon fwa nou fin mete espanyòl yo deyò, lè sa a, nou pral fè fas ak revolisyonè filipin yo, moun ki te revòlte kont Espay. Yo te vle endepandan, epi yo te panse yo te gen garanti peyi Etazini t ap ba yo endepandans lan. Yo te gen tò sandout. Mwen pa panse ke yo te gen okenn garanti, men petèt kèk nan ofisye militè ameriken yo ak diplomat alantou Azi yo te bay Emilio Aguinaldo, lidè filipino a, kèk entimasyon ak kèk enplikasyon tankou, “Si ou ede nou, nou pral ede w jwenn endepandans.” Gen dwa gen kèk pwomès ki te fèt.

Nan nenpòt ka, li te santi li desi lè nou te retire l nan seremoni rann tèt la, lè espanyòl yo ran tèt yo ban nou. Yo pa t rann tèt yo bay revolisyonè filipino yo. Lagè pete yon ti kras tan apre sa, nan mwa fevriye 1899, yon lagè ant Aguinaldo ak revolisyonè li yo ak Lane peyi Etazini. Lane a te dwe trè vit ranfòse pou fè fas ak lagè sa a, ki byen vit devwale nan yon lagè geriya, ak tout atwosite yo ki ale ak lagè geriya yo. Nou pran anpil angajman, e filipino yo te pran anpil angajman tou. Se te yon lagè trè sal, epi li te dire twa ane anvan nou te genyen li.

LAMB: Konbyen viktim nou te genyen?

ZIMMERMANN: Okenn moun pa konnen toutbonvre. Li te pi plis lontan pase sa nou te pèdi nan Kiba, ki te yon lagè trè kout. Filipino yo pèdi plis. Pwobableman pifò [nan] moun ki te mouri nan lagè sa a te mouri nan malady—estimasyon yo ale jiska 200,000 filipino ki mouri nan maladi pandan lagè a. . . .

Sous: Interview of Warren Zimmermann by Brian Lamb, *C-SPAN Booknotes*, program aired January 19, 2003 (adapte)

8 Dapre Warren Zimmermann, ki sa ki *youn nan* efè nan aneksasyon peyi Etazini ak peyi Filipin? [1]

Score


Dokiman 9a

... Lagè [Panyòl-Ameriken] lagè se te yon pwen detèminan nan istwa politik etranje ameriken yo. Apati moman sa a, ameriken yo pa t kapab gade anndan sèlman. Etazini te etabli dominasyon san parèy nan Karayib la epi pwolonje enfliyans li nan pwovens Lazi yo. Li te vin tounen yon pisans mondyal grasa pwòp fòs li yo, e ke fòs sa afekte politik entènasyonal tout gwo pisans mondyal yo. Menm si li ta vle sa, Etazini ki nan syèk sa a pa t kapab rete lwen politik rès mond lan.

Sous: Alexander DeConde, *A History of American Foreign Policy*, Charles Scribner's Sons, 1963

Dokiman 9b

Entèvansyon Etazini nan Antiy yo



Sous: Thomas G. Paterson et al., *American Foreign Policy: A History, 1900 to Present*, D. C. Heath, 1991 (adapte)

9 Selon dokiman sa yo, ki **de (2)** efè ekspansyon peyi Etazini nan ane 1890 yo? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti *omwen senk (5)* dokiman nan devlopman redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Etazini te agrandi teritwa li sou kontinan Nò Ameriken an nan ane 1840 yo, epi li te elaji tèritwa aletranje li yo ant 1890 ak 1917. Peryòd ekspansyon sa yo te gen efè pozitif ak negatif sou Etazini ak sou lòt pèp.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon sou ekspansyon terityal.

Pou ekspansyon terityal nan ane 1840 yo **ak** pou ekspansyon terityal ant 1890 ak 1917

- Dekri sikonstans istorik ki antoure **chak** peryòd ekspansyon
- Diskite sou efè pozitif **ak/oswa** efè negatif **chak** peryòd ekspansyon peyi Etazini

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen senk (5)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

